девонда аксар муғулий бўрк кияр эди" [3:15]. Ушбу маълумотлар ҳикояда бадиий тарзда ўз аксини топади.

Хусусан, таниқли олим Акрам Каттабеков таъкидлаганидек, "Халқ тилида сингармонизм қонуни ҳукмрон. Айтайлик, "борган" эмас, "борғон", "қўйган" эмас "қўйғон" деб гапирилиши одат тусини олган. Ҳозир йўқ бўлиб кетган баъзи сўзлар ҳам истеъмолда. Чунончи, илик (қўл), черик (аскар), каби ва ҳоказолар. Ҳар қалай текстда тушунарли бўлиб турган ва атайлаб луғат кўриш шарт бўлмаган айрим сўз ва ибораларни қўллаш замон руҳига яқинлаштиради ва асарнинг ишонтириш кучини оширади" [4:28].

"Ўлим шарпаси", "Шикор", "Хуфиёна битим" ҳикояларида адибларимиз миллат ва Ватан тарихини, буюк аждодларимиз ҳаёти ва тақдирини ҳужжатли манбалар асосида, тўлақонли, бадиий ифодасини муҳим вазифа сифатида белгилаб, маҳорат билан очиб беришда катта ва бой тажриба орттиришди.

**Адабиётлар**


1. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. – Тошкент: "Ўзбекистон", 2002. 49-б.
2. Дўстмуҳаммад Х. "Ҳикояларда ҳаёт ва хаёл ҳақиқати". –Т.: // "Шарқ юлдузи", 2010. № 5.
3. Заҳириддин Муҳаммад Бобур. Бобурнома. -Т.: "Юлдузча", 1989. 15-б.
4. Каттабеков А. Тарихдан сабоқ олиб. // Ўзбекистон адабиёти ва санъати, 1997. 28- март.
5. Мирвалиев С.Ўзбек романи. -Тошкент: "Фан", 1969. 116-б.
6. Темир Қурбон. Ўлим шарпаси. // "Шарқ юлдузи". -Тошкент: 2011. №6. 7-б.
7. Шермуҳамедов П.Тарихчи ва ижодкор нигоҳи. //"Шарқ юлдузи". - Тошкент: 1977. № 3. 205-б.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада тарихий мавзудаги ҳикояларда "Умаршайх мирзо" образининг бадиий сюжет воситалари ва хусусиятлари ҳақида фикр юритилган. Бунда тарихий мавзуда асар ёзганда ёзувчи муаллифдан тасвирланаётган давр ҳаётини ёки тарихий шахснинг ҳаёти ва фаолиятини тарих ҳужжатлари асосида ўрганиш, шу даврнинг тарихий колоритини ҳаққоний тасвирлаш, персонажлар нутқида ўша давр кишилари тилига хос хусусиятларни акс эттириш ҳақида батафсил баён этилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются средства и особенности художественного сюжета исторического образа "Умаршайх мирза" исторических рассказах. При написании произведения на историческую тему автор подробно описывает жизнь того периода или жизнь и деятельность описываемого автором исторического деятеля на основе исторических документов, точно отображая исторический колорит этого периода, отражая язык персонажей

**SUMMARY**

This article discusses the means and features of "Umarsheyx mirzo" the artistic plot in historical stories. When writing a work on a historical topic, the author describes in detail the life of the period or the life and activities of the historical figure described by the author on the basis of historical documents, accurately depicting the historical color of this period, reflecting the language of the characters.


## ЕРТЕ ДӘЎИРДЕГИ ШЫҒЫС ӘДЕБИЯТЫНДА ҚУСЛАР ОБРАЗЫНЫҢ ЖАСАЛЫЎЫ


**Ш.А.Арзыев –** *еркин изленийши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** адабиёт, Шарқ адабиёти, қушлар образи, классика, шоир.

**Ключевые слова:** литература, Восточная литература,, образы птиц, классика, поэт.

**Key words:** literature, Oriental literature, images of birds, classics, poet.


Жәҳан халықлары әдебияты тарийхына нәзер таслар екенбиз бунда әййемги Күншығыс әдебиятының пайда болдыўы күтә ерте дәўирлерге барып тақалады. «Шығыс еллериниң әдебияты бурыннан-ақ үлкен көркем дәстүрлерге бай, ҳәр тәреплеме жетилискен шебер шайырларды тәрбиялап шығарған әдебиятлардың бири. Тарийхшылардың берген мағлыўматларына қарағанда бул мәденият естеликлери ҳәтте бизиң эрамыздан бурынғы дәўирлерден баслап раўажланған» [2:6]. Әлбетте, Күншығыс әдебияты дегенде қытай, ҳинд, араб ҳәм парсы әдебиятлары менен бир қатарда түркий халықлар әдебияты да нәзерде тутылады. Өзиниң терең төркинлерине ийе болған бул мәдeният ошағында көплеген аңыз-әңгимелер, жазба естеликлер, уллы данышпанлардың әдебий дөретпелери дүньяға келди ҳәм жер шарының түрли аймақларына тарқалды. Бул шығармалардың ҳәр бири қайталанбас мазмунға, әдеп-икрамлылық, данышпанлық ҳәм терең философиялық уғымларына ийе болыў менен бир қатарда бийтәкрар образлар әлеми менен де инсаният қәлбинен орын алған. Ҳәр бир дәўирдиң дөретиўшилери өз шығамаларында көркем образ жасаўдың ҳәр қыйлы усылларынан пайдаланған. Көркем образ биринши нәўбетте Адам характерин ашып бериўде әҳмийетке ийе. Деген менен, көркем шығармада тек ғана адам образын жасаў жетекшилик етеди деген пикирди келтирип шығармаўы керек. Себеби инсан өмиринде оны қоршаған орталықтың, ана тәбияттың да өз орны бар. Соның ушын да тәбияттағы көпшилик қубылыслардың, тиришиликтиң ҳәр қыйлы ағзаларының образын жаратыў көркем әдебиятта ескиден киятырған усыл деп айта аламыз. Бул дөретпелерде көплеген тиришилик ағзалары менен бир қатарда қуслар образы да көркем образ сыпатында кең түрде қолланылған. Қуслар образының көркем әдебиятта қолланылыўы тосыннан болған қубылыс емес. Оның келип шығыў дереклери де образ жасаўдың басқа усыллары сыяқлы күтә ески дәўирлерге барып тақалады. Буған мысал ретинде көпшилик дүнья халықларының әдебий мийрасларын, жазба естеликлерин келтирип өтиўге болады.

Ески әдебий мийрасларда қуслар образы көбирек тымсалый (аллегориялық) образлар сыпатында берилсе, соңын ала классикалық поэзияда ҳәм рәмзий (символлық), ҳәм тымсалый образ түринде сәўлеленди. Сондай-ақ шығармалардың көркемлигин тәмийнлеўде қуслар сүўретлеў қураллары, көркем деталь түринде де өнимли қолланылды.

Ҳинд халқының үлкен естелиги, күншығыс еллери арасында кең тарқалған «Қалила ҳәм Димна» шығармасы өзиниң терең философиялық мазмуны, инсанларды әдеп-икрамлылыққа, жоқары адамгершилик пазыйлетлерге қарай тәрбиялаўға қаратылған идеясы менен жәҳән әдебиятында айрықша орынға ийе. Бул дөретпениң тийкарғы қатнасыўшы қаҳарманлары – ҳайўанатлар менен қуслар. Ондағы образларды тымсалый рәўиште бере отырып китап авторы данышпан Бейдабо адамлардың бир-бирине болған мүнәсибетлерин, қарым-қатнасларын, ҳәрекетлерин сәўлелендиреди. Мәселен, күшлилер: Пил, арыслан, жолбарыс, қасқыр; ҳийлекер: түлки менен шағал; ойсыз: доңыз, өгиз, ешек; меҳрибан: қарлығаш пенен кептер ҳ.т.б.

Булардың барлығы да өзине сай жеке характердеги адамлар образларын астарлы мәниде ашып беретуғын образлар саналады.

Шығарманың ҳәзирги дәуирге шекем өз қунын жоғалтпай, бийбаҳа естелик саналып келиўиниң де тийкарғы себеби оның қызықлы сюжети менен бир қатарда, образлар әлеминиң де тартымлы ҳәм рәңбе-рәңлигинде болса керек. Өйткени китаптың философиялық мазмунын жүзеге шығарыўда автор образ жасаўдың тымсалый усылынан пайдаланып оның тәсир күшин арттыра алғанлығы шығарманың ҳәр бир бөлимин оқығанда айқын көзге тасланып турады. «Қалила ҳәм Димна» бир неше ҳикаялардан ибарат үлкен көлемли дөретпе. Бул ҳикаялардың ҳәр бири өз алдына мазмунға ийе. Мәселен, бир ҳикаяда торғай менен пил арасында тартыс келип шығып қуслар жәмлесип пилдиң көзин ойып алады. Көзи ойылған пил бурынғыдан да бетер қутырып торғайға жәбир келтире баслайды. Соң қуслар қурбақаның ақылы менен пилди түби терең қәндекке жығып, оннан биротала қутылады. Бул арқалы Бейдабо әззилер жәмлессе қәлеген күштен үстем келетуғынлығын айтпақшы болады. Китаптағы басқа әңгимелерде де белгили бир жуўмақ усындай астарлы мәниде бериледи. Шығарманың айрым сюжетлери қарақалпақ аўызеки әдебиятында ертек, аңыз формасында жетип келген.

Араб жазба естеликлериниң бири «Тотынама» шығармасының негизги композициясы күншығыс аңызларынан ибарат болып, оның баслы қаҳарманлары да адам емес, ал тоты қус. Бунда дана тоты қус өзиниң ақыл-парасаты менен адамларды ҳәрқыйлы жарамсыз ҳәрекетлерден қайтарып отырады. Шығармада Майлы деген саўдагер жигит еки тоты қусты сатып алады. Соң өзи узақ сапарға жөнеп кетеди. Оның Ҳажат деген сулыў келиншеги жалғызлықтан иси еригип, күйеўине қыянет етпекши болғанында биринши тоты қус бул исиниң надурыс екенлигин айтқанда ҳаял ашыўланып қусты өлтиреди. Ал, екинши тоты қус Ҳажатқа отыз бес ақшам даўамында қызықлы ҳикаялар айтып берип, оны күйеўине қыянет етиў жолынан қайтарады. Бул ҳикаялары арқалы тоты қус ҳаялды қайта тәрбиялайды, өз идеясына бойсындырады. Шығармадағы қуслардың образы да «Қалила ҳәм Димна» дағы образлар сыяқлы тымсалый образ. Биринши тоты ҳақыйқатлықты туўра айтқаны ушын бийҳуўда өлип кетеди де, екинши тотының тапқырлығы арқалы данышпанлық пикирлер берилип, адам өмириндеги ҳәр қыйлы қәте-кемшиликлер қызықлы көркем баянлаўлар арқалы жеткерип берилген.

XIII әсирдиң ақыры XIV әсирдиң басларында Хорезмде жасап дөретиўшилик еткен шайыр Носуриддин Бурҳонуддин Рабғузийдиң «Қиссаси Рабғузий» шығармасы өтмиш әўладларымыздан қалған бийбаҳа әдебий мийрасларымыздан бири саналады. Шығарма сол дәўирде Ислам динин қабыл еткен абырайлы моңғол беклериниң бири Носуриддин Тоқбуғаның илтимасына бола 1309-1310-жылларда дөретилген.

Китаптың мазмуны арнаў қосықлары, кириспе, қыссалар, лирикалық шегинислер ҳәм жуўмақлаў бөлимлеринен ибарат.

Китаптың «Сифати ал аразина» деп аталған бөлиминде дүньяның жаратылыўы, тиришиликтиң пайда болыўы ҳаққында сөз етилип, онда былай делинген: «Таҳи хабарда андоғ келур, қачон мавло таъло дунёни яратди ер мулкини кушларға берди. Етти минг йил қушлар тутдилар» [3:14]. (Алла тала қашан дүньяны жаратқан болса, жер-мүлкти қусларға берди. Жети мың жыл қуслар ийелик етти). Демек китапта келтирилген бул рәўияттан көринип турғанындай тиришиликтиң пайда болыўында қуслардың айрықша орны бар. Олар ҳәтте дүньяны басқарып турған деген пикирлерди уғамыз. Және де китаптағы басқа қыссаларда, пайғамбарлар ҳаққындағы рәўиятларда ҳәр қыйлы қуслар, ҳайўанатлар ҳаққында, олардың инсан өмириндеги пайдалы ҳәм зыянлы тәреплери сөз етиледи. Мәселен, «Қиссаи Одам сафий алайҳис-салом» қыссасында «көк ғарға, байыўлы, қарлығаш, әтшөк, суў бақасы ҳәм пал ҳәррелерди өлтирмең»-деп көрсетилип, олардың адамзатқа пайдалы тәреплери айтылса, және бир қыссада ғарға, таўық, үйрек ҳәм таўыс сыяқлы қуслардың зыяны айтылады [3:84]. .

Ҳәр бир қыссаның басында яки ақырында келтирилген лирикалық шегинислерде биз пейзажлық лириканың шеберлик пенен дөретилген үлгилерин де ушыратамыз. Бул поэтикалық қатарлар ғәззел, рубайы, тәрийп, төртлик формаларында берилип, оларда автордың аруз ҳәм бармақ өлшемлерин жақсы өзлестиргенлиги көринеди.

Мысалы;

Кўкда уйнар қўл солишур қуғу, қоз, қил, қарғулоч,*
Ерда югруб жуфт олишур ос, тийин, киш, қундузи*.
Тол йиғочлар минбаринда тўти қуш мажлис тутар,
Қумри, булбул муҳри бўлиб ун тутар тун кундузи [3:104].

Солай етип ерте дәўирлердеги мистикалық әдебияттың жарқын естелиги болған бул китапта инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыс, Аллаталаны улығлаў, пайғамбарлар өмирине тийисли ўақыялар, Ўатан туйғысы, ата-ана ҳәм перзентлер арасындағы мүнәсибетлер ҳәм т.б инсаный сезимлерге кең орын берилген.

XVI әсирде жасап өткен азербайжан тымсалшы шайыры Мухаммед Физулийдиң дөретпелеринде де қуслар образы ҳәр қыйлы усылларда өнимли қолланылған. Оның муҳаббат темасына арналған ғәззеллеринде қуслар образы көпшилик жағдайда символлық түрде сәўлеленеди:

Ай жүзиңди көрмегенше мен ғариптиң тақаты жоқ,
Себеп ҳеш бүлбил көрмедим гүл алдында дәрти жоқ.

Бунда *«бүлбил»* ашық болған жигит, ал *«гүл»* гөззал қыз.

Дүнья әдебиятында өз дөретпелери менен салмақлы орынға ийе, Шығыста белгили болған жети жулдыздың бири уллы шайыр Әлийшер Наўайының поэзиясында қуслар образы ҳәр қыйлы усылларда кеңнен қолланылған. Мәселен, шайырдың тымсалый усылда жазылған «Лисонут тайр» («Қуслар тили») дәстанының негизги қатнасыўшы образлары-қуслар. Дәстан терең философиялық мазмунға ийе дөретпе. Онда шайыр пүткил өмири даўамында топлаған философиялық көз қарасларын улыўмаластырып сәўлелендиреди. Шығарма суфизм тәлиматлары негизинде жазылғаны ушын да онда «Хамса» дағы сыяқлы Қудай, пайғамбарлар, саҳабалар ҳаққында көз қараслары, сондай-ақ тиришиликтиң жаратылыўы, адамзаттың пайда болыўы ҳаққында, адамның кәмил инсан дәрежесине жетилисиўи жөнинде пикирлери баян етилген. Сондай-ақ шығармада қосық пенен жазылған ҳикаяларда әдепикрамлылық мәселелерине де кеңирек итибар қаратылған.

«Қуслар тили» баянланыў усылы жағынан Шығыс дәстаншылығындағы дәстүрий усылда жазылған болып, кирисиў бөлиминде дүньяның жаратылыўы, тиришилик ҳәм илаҳыйлық ҳаққында, жаратыўшы, пайғамбарлар, халифаларға арнаўларын баян етеди. Буннан кейин дәстанның тийкарғы баплары сөз етиледи. Дәстанның тийкарғы бапларында бир ҳикая тийкарында екинши бир ҳикая пайда болып барады. Олар жыйналып бир пүтин мазмунды қурайды.

Дәстанда қолланылған қуслар образын атқаратуғын ўазыйпасына қарай төмендегише түрлерге бөлиў мүмкин. Бунда Суймурық- қудай; әтшөк-ҳақ жолына баслаўшы пир, муршид; Басқа қуслар- бүлбил, тоты қус, кептер, қырғаўыл, қаршыға, бүркит, таўыс, қумай,

суңқар, қораз, қумыры, байыўлы ҳ.т.б қуслар ҳақлық жолын тутқан инсанлар тымсалы саналады. «Лисонут-тайыр» дәстанында мине усындай ҳәр қыйлы образлар, түрли тематикадағы мазмунлы ҳикаялар жәмленип Наўайының философилық көз қарасларын сәўлелендиреди.

Сондай-ақ, Әлийшер Наўайының ғәззеллеринде де қуслар образы өзлериниң тийкарғы мәнисинен басқа түсиниклерди, қубылысларды аңлатып келеди.

Гүлистаннан жуда болған бүлбил оңлы сайрай алмас,

Шекерстаннан жуда болған тоты қус татлы сөз айта алмас.

Бул мысалда да бүлбил ашықтың рәмзи, тоты қус жағымпаз сарай шайыры [1:35].

Биз жоқарыда сөз еткен дөретпелерди салыстырып қарасақ онда дәслепки дәўирлерге тийисли шығармаларға салыстырғанда кейин ала дөретилген шығармалардың образлар дүньясы ҳәр тәреплеме қәлиплескенлигиниң гүўасы боламыз. Демек, қуслар образының жасалыў эволюциясы да мың жыллар даўамында өзиниң қәлиплесиў жолларын басып өткенлиги байқалады. Усы тийкарда өз дөретпелеринде Шығыс классиклери қуслар образын көркем образ түринде бериўде көп ҳәм нәтийжели пайдаланған.

**Әдебиятлар**


1. Жәримбетов Қ. Ашық Зийўар. –Нөкис: 1998.
2. Мәмбетов К. Шығыс әдебияты тарийхы. –Нөкис: «Билим», 1993.
3. Қиссаси Рабғузий. I китоб. –Тошкент: «Ёзувчи», 1990.



**РЕЗЮМЕ**

Эски туркий ва Шарқ адабиётида учрашадиган ривоятларда, қиссаларда қушлар ва жониворлар образи кўпинча мажозий маънода берилса, кейинчалик классик адабиётда рамзий маъноларда кўпроқ тасвирланади. Ушбу мақолада қушлар образининг қадимий даврларда бадиий адабиётда образ сифатида шаклланиши, унинг асарлар мазмунига таъсири масаласи ўрганиб чиқилган. Қушлар образининг кўплаб бадиий образлар қатори бадиий асарларда талқин этилиши, образ яратишда ижодкорларнинг ўзига хос маҳорати ҳақида сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ**

В легендах и рассказах, встречающихся в древнетюркской и восточной литературе, образ птиц и зверей часто дается в переносном значении, но позднее в классической литературе он изображается более символически. В данной статье рассматривается формирование образа птиц как образа в художественной литературе в древности, его влияние на содержание произведений. Трактовка образа птиц в произведениях искусства, наряду со многими другими художественными образами, говорит об уникальном мастерстве творцов в создании образа.

**SUMMARY**

In legends and stories found in ancient Turkic and Oriental literature, the image of birds and animals is often given in a figurative sense, but later in classical literature it is depicted more symbolically. This article discusses the formation of the image of birds as an image in fiction in antiquity, its influence on the content of works. The interpretation of the image of birds in works of art, along with many other artistic images, speaks of the unique skill of the creators in creating the image.


## К.СУЛТАНОВТЫҢ «ӨМИР ДӘПТЕРИ» ШЫҒАРМАСЫНДА ХАЛЫҚ НАҚЫЛ - МАҚАЛЛАРЫНЫҢ КӨРКЕМЛИК ХЫЗМЕТИ


**Г.Х.Асенбаева –** *таяныш докторант*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар**: мемуар, нақл-мақол, фольклор, образ, поэтика, персонаж.

**Ключевые слова:** мемуары, пословица-поговорка, фольклор, образ, поэтика, персонаж.

**Key words:** memoir, proverb-sayings, folklore, image, poetics, character.


Белгили қарақалпақ жазыўшысы К.Султановтың дөретиўшилигин изертлесек, онда халық фольклорының үлгилеринен, жанрларынан, мотивлеринен ҳәм т.б. кеңнен қолланғанын көриўге болады. Фольклорлық элементлер болса, өз гезегинде шығарманың эмоционал тәсиршеңлигин арттырыў да үлкен көркемлик ўазыйпасыны атқарғаны көзге тасланады. Сонлықтан биз бул мақаламызда жазыўшы К.Султановтың «Өмир дәптери» шығармасында халық нақылларының кең қолланғанын, олардың көркемлик ўазыйпалары ҳаққында сөз етпекшимиз.

Әдебият тарийхынан белгили көркем әдебият “Қайсы халықтың әдебияты болмасын, ҳәр қыйлы көркем сүўретлеў қуралларына бай болып келеди, өйткени, олардың қолланылыўысыз дөретилген шығарма ҳеш ўақытта тәсирли болып шықпайды” [1:19]. Сонлықтанда жазыўшы-шайырлар әдебиятта, соның менен бирге халықтың сөйлеў тилинде бар болған көркем сүўретлеў қуралларынан автор шығарма дөретиўде шеберлик ҳәм пухталық пенен пайдаланады. К.Султановтың «Өмир дәптери» шығармасында көркем шеберликти тәмийинлеўде халық нақыл-мақалларда үлкен көркемлик ўазыйпаны атқарғаны көзге тасланады. Мәселен:

«- Аўылға қайтайық, балам! – деп анасы Мәтжанның қулағына қурт болып түсти. – Мал, дүньядан айрылғанымыз аздай, енди келин менен баладан да айрылмайық. Ашыўды бас, балам! «Қырық жыл байлық, қырық жыл жарлылық жоқ» деген, тәңириниң исине қайыл бол!» [2:9] деген диалогда Мәтжанның анасының баласына айтқан үгит-нәсиятын жазыўшы қысқа ҳәм мәнили жеткериў ушын нақылдан пайдаланған. Себеби, усы нақылда параллелизмниң бар болыўы еки қубылысты, яғный сол дәўирде даўам еткен «жарлы», «бай» деген түсиниклерди тең салыстырып көрсеткен. Сонлықтан, бул жерде идея-тематикалық параллализмди жазыўшы бир ғана нақылды қолланыў арқалы сүўретлеўге ерискен ҳәм мазмунды жүзеге шығарған.

Ҳәммемизге мәлим, параллелизмде ең тийкарғы мәселе психологизм болып табылады. Психологиялық параллелизм қандайда бир характери бойынша бир-бирине уқсас еки қубылыстың бир уқсас формада салыстырылыўы болып табылады. Себеби, параллелизмниң көркем шығармадағы функциясы ҳаққында теоретик илимпазлар көп ғана пикирлерди айтқан. Мысалы «Словарь иностранных слов» атлы сөзликте параллелизмге мынадай сыпатлама берилген. «Пареллелизм еки қубылыс яки ҳәрекеттиң бири-бири менен турақлы қатнасы ҳәм бирликте келиўи… поэтикада текст ишиндеги тил элементи бөлеклериниң бири-бирине уқсас яки мағаналас тәртипте жайластырылыўы, яғный поэтикалық усыл» [3:36].

Жоқарыдағыдай теориялық мийнетлерден мәлим болғаны сыяқлы салыстырылатуғын қубылыслардың биреўиниң тәбияттан алынып, басқасының адам турмысынан алынған болыўы мүмкин, яки екеўиниң де тәбияттан, сондай-ақ екеўиниң де адам турмысынан алынған болыўы мүмкин болады. Параллелизм тийкарынан мазмун менен байланыслы болған фактор еса-